# Нур

6+

ISSN 0207-6551

11

2017



# РЕДАКТОРЫМ И ПСАЛЪЭ

Ди ныбжьэгъухэ! Дызыщыпсэу дуней щхъуэк1эплъык1эм плъыфэу хэлъыр Iупщ! щыхъур бжьыхьэрщ.

Дыхуейщ Дахагъэм фыдихьэхыу, абы къару къыхэфхыу, дуней къабзэм фыхуэсакъыу фыкъэхъуну.

Мы къыдэкIыгъуэм «Нурым» фыхишэнущ Плъыфэ лъахэ.

## Плъыфэ псалъалъэ

Ху, хужь, сырыху (*белый*)

Плъыжь, плъыжьыбзэ, цIыплъ (*алый*)

Щхъуэ (*серый*)

ЩхъуантIэ (*зеленый, изумрудный*)

Къащхъуэ (*голубой*)

ЩIыху (*синий*)

Удзыфэ, удзыщIэм и фэ (*светло-зеленый*)

Гъуэ, гъуэжь (*желтый*)

Гъуэплъ (*желто-красный, медно-красный*)

Тхъуэплъ (*румяный*)

Дыщафэ (*золотистый*)

ФIыцIэ (*черный*)

Дыжьыныфэ (*серебристый*)

Морэ, кхъуэщыныфэ (*коричневый*)

Гъуафэ (*каштановый*)

Гъуабжэ, гъуэ-морафэ (*бурый*)

Тхьэмбылыфэ (*розовый*)

Мамкъутыфэ, шэджэнэплъыфэ (*малиновый*)

Балиифэ (*вишневый*)

Къуэлэн, щхъуэкIэплъыкIэ (*цветной*).

*Псалъалъэм къифхыурэ плъыфэхэр усэм хэвгъэувэж, къыхэгъэща псалъэхэм гу лъыфтэ.*

# Усэ щхъуэкlэплъыкlэ

Щхьэгъубжэм сыдэплъмэ,
Уэс _ _ кърепхъых.
Абы сехъуэпсауэ
Хугу _ _ _ изопхъых.

Пхъэ лъэгу _ _ _ _ _ _ _ _м
_ _ _ _ _ _р щольей
Джэду _ _ _ _ _ _ _ _р
Мэтхъэжыр, долъей.

ПэIущIэм щIэс нанэ
Къогубжь, къоу_ _ _ _,
Мо сщIэр къилъэгъуауэ
Мэдалъэ, къысхуолъ.

– Уэс _ _ыр хугу _ _ _у
Лъэгу _ _ _ _м тесам,
Абы дэджэгуну
КIапэ _ зрисам,
Сэ сыти си лажьэ?..
– Иппхъар упхъэнкIынщ,
Е пхъуантэ _ _ _жьым
Пхуислъхьам упыкIынщ!

– _ _ _ _ _ыр зи щхьэцу
Си нанэ **нэхутхьэху!**
Дунейр _ _ _ _ _ _ _ _ _ _у
Зи псысэм **дэнэху!**
IэфIыкIэ _ _ _ _ _хэр
Пхъуанта_ _ _ къыдох,
**ПщIыпщIыжу** таурыхъхэр
Уэгу _ _ _ _ _ къыпхуох!
– Лъэбыцэ _ _ _ _ _жьыр
Бжэ къуагъым къыкъуоплъ,
Уихьыну гъуэ дыджым
Игу бзаджэр къыпхуоплъ.
– Сихьэнщи гъуэ _ _ _ _м
Фо _ _ _ _ыр фIэсшхынщ
Е _ _ _жьым* сепхъуэнщи
Цыпищ къыхэсчынщ.
МафIае _ _ _ _ыбзэм
А щыр езгъэунщ.
Уэгу _ _ _ _ _м срихьэм,
Мазэ _ _р слъагъунщ.
Хы _ _ _ _ _ _м сыхихьэм,
И лъащIэм сехынщ...
Налкъут _ _ _ _ _ _ _ _ _
Абы къыхэсхынщ.
Срихьэм къурш щыгум
Сэ бгъа_ _ _ домбейм
Абы къыщисчынщи
Къэсхьынщ Сэтэней!

Псысэбэ сэбгъащIэм
Къызет къару лей,
Абы _ _ _ _ _ _ _ _ _ _
ИщIащ си дунейр.
Си нанэ _ _ _ _ _ цIыкIуу
_ _ _ _ _ _р зи нэкIу,
Тхуэпсэу илъэсищэ,
Сотхъэж, узиIэху!

* Дыгъужьым и цIэ лей

*Зыгъэхьэзырар*
***АБРОКЪУЭ Беллэщ***

Ноябрь мазэм **илъэсищэ** ирокъу дуней псом щыцIэрыIуэ балъкъэр усакIуэ **КУЛИЕВ Къайсын.** И гум макъамэ дахэ къиIукIыу, дунейм псэкIэ уэрэд хуиусу псэуащ ар. Къайсын и усэу адыгэбзэкIэ зэдзэкIахэм къахэтхащ мы гущэкъу уэрэдыр. УсакIуэм ар зыхуитхар и пхъурылъху цIыкIурт. «Нурым» къеджэхэм, дауи, ар фигу ирихьынщ.



# ЛЕЙЛЭ ЦIЫКIУ И ГУЩЭКЪУ УЭРЭД

Къуршхэм я мызакъуэ,
Къуршыщхьэ уэс хужьхэри мэжей.
Щыту мэщхьэукъуэ
Щхьэ баринэу пщIантIэкум ит бжейр.

Йожеихьыр уафэм
Щхьэнтэ хужьу узыIуплъэ пшэр.
Хилъэфащ жей IэфIым
НетIэ уэ шынакъым къибна шэр.

Жей, си тIасэ. ПщIыхьырщ
Мо щхьэгъубжэIупхъуэр зыгъэхъейр.
Пэшым ар къыщIохьэ
Щабэ дыдэу, джэду цIыкIу нэхъей.



Зэзыдзэкlар
**БИЦУ Анэтолэщ**

Сур. Аккизовэ Имарэ

# Бжьыхьэ псысэ

Гъатхэпэ дыгъэм зрагъэури зэхэтщ жыгхэр. Ижьырабгъумкlэ гъущl гъуэгущи, гъуагъуэу зэзэмызэ мафlэгухэр блож. Сэмэгумкlэ, зэпымыууэ, машинэ зекlуапlэщ. Нтlэ, жыгхэр зэхэтщ, блэкlи-къыблэкlыжи ямыщlэщыгъуэжу. Мес псейхэр; хэт къащхъуэу, хэти щхъуантlэу зызэхуагъафlэ. Лъэныкъуэкlэ щхьэхуэ защlауэ щокl пкlей зытхух. А пкlейхэм загъэнэмысыфlэу яхущlэплъурэ зохъуцацэ пхъэхуей гъыринэхэр. Дахэщ а пхъэхуейхэр! Мес зы бжеи и закъуэпцlийнэ жыгхэм къахэзэрыхьащи, укlытэхыу щlым хоплъэ.

А зи гугъу фхуэтщlа жыг гупым къахэувыкlарэ тlэкlуи хуэлъэныкъуабэу зы псы дзэл абрагъуэ щытщ. Лъагэщ ар. Апхуэдизкlэ баринэшхуэщи модрей гупыр жыгыщlэ цlыкlуу къыпфlегъэщl.

Мамыру зэхэт жыг гуэрэным зэуэзэпсэу зы макъ мыцlыху гуэр къахогъуагъуэ. Хэт и гугъэнт пщlащэкlэ захуэпэну хунэмыс щlыкlэ ахэм зыгуэр пхъэхкlэ къеlусэну?! Жыгхэм зызэхуашэу щlэдэlуурэ, пхъэхыр махуэ ныкъуэкlэ лажьэри lукlыжащ. Ар здэlэуэлъэуар уеплъмэ – къэпцlыхужтэкъым: псы дзэл дахэшхуэр здэщытам деж иджы къэнар зы пхъэ пкъо лъагэт. Къудами тэмэму гуэмытыжу жыг баринэр фэкъу хъуат. Жыг гупыр дзэлым яфlэгуэныхьу еплъурэ махуэр икlащ.

Ауэрэ тхьэмахуэхэри зэкlэлъыкlуэри, гъэмахуэр къихьащ. Жыгхэм псоми зыкърахыу пщlащэхэр зэхуагъэджэгу. Дзэл ухъуэнщlам къуийрэ джафэу зеущэху. И къуэж цlыкlухэр иджыри къаруушэщ. Апхуэдэурэ гъэмахуэми фlыуэ зиужьауэ, уэлбанэ кlыхь къэхъуащ. Махуэ зыбжанэ дэкlри дыгъэри къыщlэпсыжат, ауэ жыг гупым зэхуагъэщlагъуэр дыгъэратэкъым… Къахуэцlыхужыртэкъым жыгхэм гъатхэ лъандэрэ къабгъэдэта псы дзэл ухъуэнщlахуэр!

Уэлбанэ кlыхьым къэхъуам зыми хищlыкlыртэкъым. Уэшх lущащэм зыхауфанщlэурэ тещхьэукъукlа жыгхэм я тхьэкlумэ, дауи, ицырхъакъым псы дзэл ухъуэнщlам уэшхым жриlа уэрэдыр. Езы уэшхми дзэлым къыхуиlуэтэжа псысэр зыми зэхихакъым. Сытми, зы телъыджэ гуэр къэхъуат а махуэ зыбжанэм!

Хуабжьу елlалlэу удз цlынэ кlэпlинэ зэтралъхьэу, уэшхмажьэкlэ кърalъэщlэхыжа хуэдэ, псы дзэл баринэр дахащэу дыгъэпсым пэлыдырт. Гуфlэрт жыгхэр.

Бжьыхьэр къэблагъэрти абыхэм тхьэмпэ япхъырт: зыхуагъэхьэзырт щlымахуэм. Итlани, псы дзэлым иджыри зызэримыгъэнщlыжар ищlа хуэдэ, дыгъэ цlыкlур пщэдджыжь къэс бжьыхьэ гъуаплъафэм къыхэкlэрахъуэрти махуэ псом дзэл тхьэмпэхэр игъэкlылу жыгым дэджэгурт. Абыхэм якlэлъыплъыну зигу ирихьа бжьыхьэ уэфlми жыгхэр игу пымыкlыу зиlэжьэрт.



***НЭТЫХЪУЕЙ Синэ***

# Бзэлъэмыж

Гын гынылъэм иракIутэ,
Гынкlэ Iэщэр яузэд,
Гыныр мафIэм зэщIегъанэ,
Гыныр есыр, шэр пхолъэт.

Гуащэр гущэ хуэмыныкъуэ,
Гуащэр гъыкIи, нэпс къемыкIуэ.
Гуащэ сиIэм, сигу мыныкъуэ,
Гуащэм и пкъым псэщ хуэныкъуэр.

Каринэ кыщмыщ фIэфIти
Карамелыпсэ сщIащ.
Каринэ карамелым
Кыщмыщыр дишхыу хъуащ!

Куейр зэкъуэту зэдекIуэкIым,
Куэд гугъуехьу ямыIэн,
Куейм зэфыгъуэ къахухэкIым,
Куэди куейм яхуэмыщIэн.

ХэкIуэтами тIэкIу и ныбжьыр,
Хабзэмыщlэщ дыгъужьыжьыр,
Хэсыр пабжьэм ныбэ нэщIу
Хэт зымыщIэр зэрыщхъуэжьыр.

Хуэдэ щыIэ ХъумпIэщIэрж!
Хуабжьу жьыуэ ар къотэрж,
Хуэмыхуакъым ар игъащIэм,
ХуэфIэкIхэри мымащIэ.

*КIУЭКIУЭ Мухьэмэд,*
*КЪУЩХЬЭТЛIОКЪУЭ Анжелэ*

**Гъ**

ырин**э** псори щохъу жагъуэгъу,
ыринэ иIэкъым ныбжьэгъу.
ыринэ занщIэу зегъэгусэ,
ыринэ мыгъыу яхуемысэ.

**Гъу**

дэм хужызоIэ: «Гъуамэ!»
дэм ямытхьэщI я дамэ,
дэм гъурджи зэрамыхьэ,
ейм хыхьамэ, зэрызохьэ.

**Къу**

рт уедзэгъуу уошхыр,
эми удохьэф.
ртым щIэс джэджьейхэр
анщIэм щыхъумэф!

**Къ**

азым, щыкIуэ, урихужьэм,
азыкъ бжэгъукIэ гъащтэ.
азыхъужь узыхимыщIэм,
анлыщ. Уи кIэ щыщтэ.

**Хъу**

нгъалIэу бжэным ящх куэдIей,
нгъалIэ хэлъу гъуэ дращIей,
нгъалIэм *къык*Iэрех мэ Iей,
нгъалIэм хъуныр егъэлъей.

**Хъ**

ыбарыжьу яIуэтэжхэм
арбыз жабзэу, псыр щIэмыж,
ыуан гъуэжьу сабиигъуэм
ер хуэхъуари мыкIуэщIыж.

## Искусство



*«Плъыфэ лъахэм» и хьэщIэщ сурэтыщI* ***МЭМБЭТ Пётр.*** *Абы и ныбжьыр мы гъэм илъэс* ***60*** *ирикъуащ. «Нурым» куэд щIауэ и ныбжьэгъуфI тхылъгъэдахэ-сурэтыщIыр и гукъэкIыжхэмкIэ къыддогуашэ.*



## Си япэ сурэтыр

Илъэсыщ1эр къэблагъэрт. Сэ Налшык дэт 1-нэ еджапIэм и 2-нэ классым сыщIэст.

Открыткэхэм сурэт тетщIыкIыну егъэджакIуэм къалэн къытщищIащ. Сэ сехъуапсэри къахэсхащ уэскIуриищ зытетыр, – зыр гитарэ еуэу, адрейр бэрэбанауэу, ещанэм уэрэд жиIэу. Сурэт тесщIыкIамкIэ япэ щытхъур къэзлэжьауэ щытащ.




## Асфалътым пылщ екIур

Дэ зэпымыууэ асфальтыр мел щхъуэкIэплъыкIэхэмкIэ тцIалэрт. «СурэтыщIхэм» зыдгъэщIагъуэу мыцIэлэфхэр зыщIэлъэIухэр яхуэтщIырт. Сэ зэи къызгурыIуэртэкъым «бзу сурэт цIыкIу схуэтх», жызыIэхэр. Танкыжь зыщIхэми сахэтакъым. Асфальтым екIур пыл сурэтщ.

## Iуэхур залымыгъэт...

Сурэт щIыным зэфIэкI хузиIэ сабийхэр къыхашырт художественнэ еджапIэм и егъэджакIуэхэм. Гу къыслъатащ, ауэ сахуэкIуакъым. Спортым сыдихьэхт, бэнакIуэхэр щагъасэ секцэм сыхэтти, зэгуэр си пщэр къакъутэ пэтащ. Абы иужькIэ спортыр IэщIыб сагъэщIри, къэрэндащымрэ хьэфэтегъэкIымрэ къысIэщIалъхьащ...

## Сурэтыщӏ сыхъуу хуожьэ...

Сурэт щӏынымкӏэ егъэджакӏуэ Ткаченкэ Андрей Лукич (иджыпсту ИЗО-м и музейм абы и цӏэр зэрехьэ) сэркӏэ егъэджакӏуэ къудейтэкъым, атӏэ си Дунейм щыпсэу цӏыху нэхъ лъапӏэ дыдэхэм ящыщ хъуат. Абы къызита щӏэныгъэр: сурэтыщӏым и нэкӏэ дунейм уеплъу, абы и сурэтыр пщӏыжыфыныр тыгъэ лъапӏэу къыщӏэкӏри, Бытырбыху художественнэ Академиеми гугъущэ сыщехьакъым, адрей си курсэгъухэм хуэдэу.

## Сабиигъуэ плъыфэ къуэладжэу – Къулькъужын!

Сэ шы сурэтхэм зэи саутӏыпщтэкъым. Гъэмахуэ мазищыр щисхыр къуажэрат. Абзуанхьэблэ къуажапщэм нэм къыщыӏуидза дахагъэр нобэм къэсыхукӏэ гум илъу къыздызохьэкӏ, зэгуэр тхылъымпӏэм нэсхьэсыну сыхъуапсэу.

Нарт хъыбар тхылъ ӏувыр япэу щыслъэгъуар, абы ит сурэтхэр щызэпэсплъыхьар, хъыбарыжьхэм си шынэхъыжь Мэмбэт Хъусен сыщригъэдэӏуар Къулькъужынщ! Апхуэдизкӏэ си гум хэпщӏати, «Нартхэр» сурэт гуп сщӏащ. Илъэс 13-м ахэр сӏыгъыу пионер зыгъэпсэхупӏэ цӏэрыӏуэ «Орлёнок» сагъэкӏуащ. Сэ зырат апхуэдэпщӏэ зылъысар.

## Плъыфэхэм салъоӏус...

Хужь-фӏыцӏэ плъыфитӏым срилэжьащ куэдрэ. Плъыфэхэм срилажьэу сыщыхуежьэм къуэлэн-пщӏэлэныӏуэ сфӏэхъуу хуежьащ, «плъыфэхуэлӏэм



сихьауэ зызмыгъэнщӏыж нэхъейуэ». Художественнэ Академием и егъэджакӏуэхэм ар къыпхуадэнт! Зэгуэрым, Самарин Анатолий си краскэ лъапӏэ къомыр хыфӏидзэри: «Кууэ къыщӏэгъалъэ, шыӏэныгъэ зигъэлэ, искусствэ лъагъуэм пщӏэ уиӏэу ирикӏуэ»,– къызжиӏащ.

Абдеж щыщӏэздзэри краскэ плъыжь, морэ, щӏыху, хужькӏэ сылажьэ хъуащ, сызыхуей плъыфэхэр абы къатезгъэхъукӏыу.

## Нурыр къыпихт...

Сэ пӏалъэкӏэ (70 гъэхэм) «Нур», «Нюр» журналхэр згъэщӏэрэщӏащ, сабий тхылъ зыбжанэ згъэдэхащ. Ӏэфӏу сигу къинэжащ а зэманыр. Гухэхъуэт! Сэ гушыӏэ сфӏэфӏщ. Сабиигъуэ дунейм уи гур утӏыпщауэ ущогушыӏэф! Къезгъэгъэзэжынт а зэманым.

### *Редакцэм къыбгъэдэкӏыу:*

*Ноби **«НУРЫР»** илъэс **35** ирикъуауэ зэманым зыдиужьу, дунейм зыдищӏу и гъуэгу ирокӏуэ. Пётр, уузыншэу куэдрэ укъытхуэлэжьэну дынохъуэхъу журналым и лэжьакӏуэхэр!*

# Бжьыхьэ дыщафэр дохъумэ

Тхьэмпэхэр сыт щlыпылъэлъыжыр?– зэпымыууэ щlоупщlэ цlыкlухэр.

*Жыг тхьэмпэхэр (пщlащэхэр) гъуэжьплъыжьыфэу иlарэ дыгъэр щабэу къепс хъуамэ,– бжьыхьэщ! Пщlащэ пылъэлъыжыгъуэр апхуэдизкlэ дахэщи, уи гум уэрэд жиlэу алэрыбгъу щабэм утету бжьыхьэ уэрамым урокlуэ. Ауэ, уэ усабийщи, умыщlэнкlэ хъунущ щlыуэпсым щэху куэд зэрыхэлъыр. Пщlащэ пылъэлъым сыт хуэдэу мыхьэнэшхуэ иlэ уи гугъэрэ!*

Мес, Иналрэ Ланэрэ я анэм щlыгъуу бжьыхьэ уэрамым ирокlуэ. Зэдэлъхузэшыпхъу упщlэрейхэм анэр яхуэбзэlэфlу, едэхащlэу дунейм и щэхухэр яхуеlуатэ. Инал, пащтыхь цlыкlу нэхъей, и къуейщlеиныр къытекlуэхукlэ зегъэбалигъ:

– Мамэ, бжьыхьэм тхьэмпэхэр сыт щlыпылъэлъыжыр?

– Къэкlыгъэ псоми, жыгхэри яхэту, хьэуар ягъэкъабзэ. Абыхэм псы куэд зыщlашэу дыгъэпс ягъуэтмэщ я къалэныр щахуэгъэзащlэр. Бжьыхьэ щlыlэм тхьэмпэхэр писыкlыжа нэужь, ахэм псы зэрызыщlаф къуэпсхэр зэщlэщтэу жыгыр уаем имысыжыпэн щхьэкlэ, пщlащэхэр полъэлъыж.

– Мамэ! Атlэ, жыгым къыпылъэлъа пщlащэ цlыкlухэр щlымахуэ щlыlэм исыжынуlэ?! – къыгурыlуэркъым Ланэ.

– Еплъ а цlыкlухэр зэрыдахэ!.. Гуэныхькъэ-тlэ мыхэр, мамэ? – кlей тхьэмпэ гъуэжьыр къипхъуэтауэ егъэуфафэ Инал.

– Щlыуэпсым ар и хабзэщ, цlыкlухэ. А пщlащэхэр щlыlэм ису кlуэдыж фи гугъэрэ? Кlуэдыжкъым, ахэр псыlагъэм, уэшх-уэсым ягъэфурэ щlым хыхьэжу аращ, ар ягъэпшэрын я къалэну. «Удобрение» жаlэу зэхэфхакъэ?

– Сэ зэхэсхащ а псалъэ дахэр, къикlырат сымыщlэр ахъумэ,– жи Инал.

– Апхуэдизу щlым сэбэп хуэхъуура-тlэ а тхьэмпэхэр? – йоупщl Ланэ.

– Пщlащэхэр щlым хэмыкlуэдэжу щытатэмэ, къэкlыгъэхэм къэкlын щагъэтыжынти. Абы щlыр егъэпшэр.

– Уа-рэ! Сыту гъэщlэгъуэн, – мэгуфlэ зэдэлъхузэшыпхъур. Арщхьэкlэ, тэлайкlэ тlури щыму кlуауэ, Инал къыхокlиикl:

– Уэи, сыхуэмей-тlэ сэ ахэр фыну! Мыр зи дахагъ! – егъэкlэрахъуэ иlыгъ тхьэмпэр.

– Сэри пщlащэхэр сытым дежи гъуэжьплъыжь дахэу щытыну сыхуейт, – зеплъыхь.

– Фэ Дахагъэм пщlэ зэрыхуэфщlым срогуфlэ, си шырхэ. Атlэ, тщlэнур мыращ! – къогуфlэ анэр. – Пщlащэу е гъэгъауэ фигу ирихьу хъуар къэфщыпи, фи щхъуэкlэплъыкlэ lэрамэ зэрыз зэхуэфхьэс, адэкlэ тщlэнури къэфлъагъунщ. Хьун?

– Инал, тхьэмпэ lэджэ къэдгъэщып! – щlопхъуэ Ланэ.

Цlыкlухэм тхьэмпэ, мышхумпlэ, шыкlуртlым куэду къащыпурэ уэрамым ирокlуэ, анэр абыхэм якlэлъыплъурэ мэгуфlэ. Тхьэмпэ гъуэжь дахэхэр псынщlэ-псынщlэу унэм нахьэсу иращlэнум хуэпlащlэу сабитlыр мэкlуэж.

Зыхуеину псори къегъэхьэзырри, цlыкlухэр lэнэм пэрегъэтlысхьэ анэм. Тхылъымпlэ щабэ, тхылъ lув зыбжанэ, лэныстэ, удз гъэгъа зэмылlэужьыгъуэ lэнэм телъщ. Иналрэ Ланэрэ анэм жиlэмрэ ищlэмрэ яфlэгъэщlэгъуэну кlэлъоплъ.

–Сыт иджы тщlэнур?– и нэ хъурейр къоцlыщхъукl Инал.

Мо тхылъ lувыр къащти, и кум деж къыщызэlух. Ланэ, уэ лэныстэмкlэ тхылъымпlэр зэпэплlимэу зэпыгъэж. Сэри тхьэмпэхэр къабзэу слъэщlынщ, – бжьэхуц щабэкlэ сакъыу тхьэмпэхэр елъэщl анэм, нэбгъузкlэ мо тlум яхущlэплъу.

– Ыхьы, хъарзынэ дыдэу фщlащ. Иджы тхьэмпэхэр тхылъымпlэ щабитlым я зэхуакум дэфлъхьэ, я кlапэ цlыкlухэр шэщlауэ. Тхылъ зэlухам ахэр дэлъу зэгуэтпlэжынщ,.

– Мис, мамэ,сэ сщlас, – хуэсакъыпэу тхылъыр зэгуепlэж хъыджэбз цlыкlум.

– Антlэ, си дахэ. Хъарзынэу уощl! – щотхъу анэр. – Инал, уэри тэмэму зэбгъэзэхуащ. Уэт, щlалэфl!

– Дапщэщ мыхэр хьэзыр щыхъунур? – темыпыIэу тоуэ-топкIэ Инал.

– ШыIэныгъэ зыхэгъэлъ. Тхьэмпэр фIыуэ гъун и пэ, гъэгъущын хуейкъэ? Зэман дэкIмэ, тхылъымпIэ щабэхэр зэтхъуэкIынщ. Апхуэдэурэ тIэу-щэ тщIынущ, – жеIэ анэм.

– Ар сыт щхьэкIэ? – егъэщIагъуэ Ланэ.

– ТхылъымпIэм псыIагъэр зыщIешэри, пщIащэр мыфын щхьэкIэ ар зэхъуэкIын хуейщ. ИтIанэщ ар дахэу, и плъыфэм зимыхъуэжу щыгъунур.

Ди мурад къыдэхъулIэрэ, мыхэр тэмэму гъумэ, **иужькIэ е тхылъымпIэм тедгъэпщIэнурэ** сурэтылъэм илъу блыным фIэддзэнущ, е Iэрамэ дахэу зэхэдгъэувэнурэ, – абы гербарийщ зэреджэр**,– стIолым** тедгъэтынущ зридгъэщIагъуэу. **Мис апхуэдэущ бжьыхьэ дыщафэр зэрыфхъумэнур, си Iущ цIыкIухэ, – жеIэ анэм.**

Иджыпсту тхьэмпэхэмрэ удз гъэгъахэмрэ зыдэтлъхьа тхылъхэр гъущапIэ догъэув, ди Iэхэр дотхьэщIри, пщыхьэщхьэшхэ дощI.

Зэдэлъхузэшыпхъур я анэм дэIэпыкъуурэ тхылъхэр я пIэм ирагъэзэгъэжри, пкIатэлъатэу пщэфIапIэмкIэ зэрохь.

***ФЫРЭ Анфисэ***

# УСАКIУЭ – СУРЭТЫЩIХЭР

## БЖЬЫХЬЭ

Бжьыхьэр дэ къытхуеблэгъащ,–
Шууэ хадэм пхрыжащ,
Гъуэжьу, плъыжьу, кхъуэщыныфэу –
Жыгхэр дахэу тхуилэжащ.

Ауэ тIэкIуи щIыIэтыIэщ,
Къопсэпсауэ... Уэшхыр къошх,
ЩIыб щыджэгуи зы щымыIэ,
Унэ хуабэм сэ сыщIэсщ.

***АБДУХАЛИКОВ Эмир,***
Налшык, 9-нэ еджапIэ, 1-нэ кл.





* * *

Сэ ди дадэ къызитауэ
СиIэщ шыщIэ – шы пцIэгъуэплъ.
Абы Дыгъэ сэ фIэсщауэ,
Жэщи махуи сыкIэлъоплъ.

Дыгъэ гъатхэ фIэфIщ – къежыхьыр,
Хадэ иным дыщоджэгу.
Дэ ди дади хадэм къихьэм,
ГукIэ ари къыддоджэгу.

ПыгуфIыкIыу къыдбгъэдохьэ:
«Дыгъэ къэхъумэ, ушэсынщ,–
ЖиIэу си щхьэм Iэ къыделъэ,–
Уэ пхуэхъунщ ар адыгэш».

***ЕВГЪЭЖЫКЪУЭ Къантемыр,***
Налшык, 9-нэ еджапIэ, 1-нэ кл.

# НУРЫМ И ПЛЪЫФЭ ЛЪАХЭ



СурэтыщIым ещI адакъэ,
Илэжыну щогъупщэж...
Джэди-къази къыщIонакIэ:
- Феплъ мо пагэм! ЗимыщIэж.

Хьэм йоупщI ар: - Сыт си лажьэ?
Джэдыжь цIыкIухэм ауан сащI.
- Псым ухэплъэм, пщIэнщ, Сыдж мажьэ.
Хоплъэ псыми и гур хощI.



КIуэм-лъэм, лъатэурэ, адакъэр
IуощIэ куэдым, гъуэгу хегъэщI.
Бажэ шырхэм: - «Мес адакъэ!»
Анэм йоджэ, лъабэр ящI.

- Хьэуэ, шырхэ, - жеIэ анэм,-
Ар адакъэхэм емыщхь,
Мысыджыплъ, мыкIащхъуэ бацэ,-
Адакъэпщ ирех нэмыплъ.

БлокI. Хуэзащ тхьэкIумэ дзасэм:
- Плъыфэ Лъахэм сыкъэса?
- Укъэсащ,- жи пкIатэ-лъатэм,-
Унэ лъагэр мес моращ!

-Iу-Iу-Iуу-Iууу! - маIуэ джакIуэр,
Зокуэфауэ, зеухыж...
- «Нур» журнал и Плъыфэ лъахэм
КIуэи, дахэу зегъэлэж.



Мэзи, псыи, къуакIи, тафи
Лъагъуэ захуэм уаблишынщ.
Унэсынщи Унэ лъагэм,
«Нур» журналыр къэбгъуэтынщ.

## Дауэ фэ къыуаплъын уфагъуэу?

СУТЕЕВ Владимир
«Адакъэмрэ плъыфэхэмрэ»
и таурыхъым къытетщIыкIащ.
Зытхыжар АБРОКЪУЭ Беллэщ



Сэри нурхэм а я лъахэм
Хужь сыхъуауэ сыкъокIыж.
- Уплъыфэншэуи? Уэ хужьыр
Сэщхьу фэншэу уIуокIыж!

- Сыгъуабжати, хужь сыхъуауэ
Си мэзышхуэм согъэзэж.
Уэсыр къесмэ, дыгъужьыщхъуэ
Силъагъунукъым! Сотхъэж!

Адакъэпщыр Унэм щIохьэ,
И гукъеуэр еIуэтэж.
Къэрэндащхэм я гур хохъуэ,
Плъыфэ лъахэм я IутIыжщ!!!





Нурым и Плъыфэ лъахэ щыпсэу
сурэтыщIхэ, влэж мы адакъэпщыр.
Гъэм и тепщэу щытар Илъэсыщ Iэм
фэншэу техьэ хъун?! ЕмыкIущ.

# Дыгъэщыгъэ



МЫКЪУЭЖЬ Амир,
илъэсибл. Налшык къ.



АФIЭУНЭ Даринэ, илъэситху.
Налшык къ.



ТЭРЧОКЪУЭХЭ Идаррэ (илъэсих),
Иналрэ (илъэситху).
Псыгуэнсу къу.



ХЬЭКIАШЭ Эсмирэ, илъэсиплI.
Налшык къ.




МЭКЪУАУЭ Каринэ,
2-нэ кл. Анзорей къу.

*ЕпщIанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:*

1. Сэтэней. 2. Тотрэш. 3. Уэзырмэс. 4. Нэсрэн ЖьакIэ. 5. Лъэбыцэжьей. 6. Бэдынокъуэ. 7. Тхьэгъэлэдж.

# АЛЭРЫБГЪУХЭР ДОГЪЭЩIЭРАЩIЭ




Плъыфэхэр (*палитрэр*) гупитIу гуэшащ: плъыфэ щIыIэрэ плъыфэ хуабэу. Ахэр зэвгъэкIуурэ мы сурэтитIым ярыт алэрыбгъухэр влэж къэрэндащ зэмыфэгъукIэ, е мел щхъуэкIэплъыкIэкIэ.

## Плъыфэ хуабэкIэ влэж



## Плъыфэ щIыIэкIэ влэж



Зыгъэхьэзырар
***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***



ФIыуэ слъагъу ди журнал «Нур». Сынохъуэхъу,
уэ мы гъэм илъэс 35 урокъуащи. Сэ ин сыхъумэ,
«Нурыр» къыздэIэпыкъуурэ адыгэбзэр,
си адэм и бзэр зэзгъэщIэнущ седжэфу, сытхэфу, срипсэлъэфу.
Уэ, ди Нур, утелъыджэщ, ухьэлэмэтщ, адыгэ сабийхэм
фIыуэ укъалъагъу. Тхьэм уригъэфIакIуэ!

Жанок (Борсэ) Имдат,
Германие


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 11 2017 г.

Учредители:

Министерство культуры КБР
Общественная организация
«Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редколлегия:
***Х. КАРМОКОВ***
***А. КАРМОВА***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Свидетельство о регистрации
№ ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
15.11. 2017 г.
Выход в свет 30.11. 2017 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2800 экз.
Заказ № 133
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.;
за 6 мес.– 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
nur.kbr1982@yandex.ru

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в типографии
ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.